

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar dina bab IV, hasil panalungtikan ngeunaan ungkara kalimah dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri, bisa dicindekeun sakumaha ieu di handap.

1. Struktur kalimah rakitan lantip

Struktur Kalimah rakitan lantip dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karangan Ahmad Bakri téh dianalisis dumasar wangun, sarta struktur (adegan kalimahna). Dumasar wangunna, data kalimah rakitan lantip kasebut ngawengku:

- a. Kalimah rakitan lantip nu diwangun tina Kalimah Salancar Basajan (RLWKB) jumlahna aya 106 kalimah atawa 34,19%, sedengkeun struktur (adeganana) nyoko kana adegan pola: (1) S + P, aya 69 kalimah atawa 65,09%, (2) S + P + O, aya 6 kalimah atawa 5,66%, (3) S + P + Komplemén (Kom), aya 26 kalimah atawa 24,53% jeung (4) S + P + Komplemén + Objék, aya 5 kalimah atawa 4,72%. Lian ti dipasing-pasing dumasar polana, rakitan lantip winangun kalimah basajan (RLWKB) ogé dianalisis dumasar jenisna nu nyaéta rakitan lantip winangun kalimah basajan: barang, pagawean, sipat, bilangan, jeung pangantét..
- b. Kalimah rakitan lantip nu diwangun tina Kalimah Salancar Jembar (KSJ) aya 101 kalimah atawa 32,58%, sarta diwangun ku struktur (adegan) kalimahna saperti pola: (1) S + P + K, aya 45 kalimah atawa 44,55%, (2) S + P + O + Keterangan, aya 32 kalimah atawa 31,68%, (3) S + P + Komplemen + Keterangan, aya 14 kalimah atawa 13,86%, (4) S + P + Komplemén + Objék + Keterangan, 10 kalimah atawa 9,90%. Satulunya, kalimah jembar téh dibédakeun jadi sababaraha rupa, nyaéta: kalimah jembar waktu, tempat, tujuan, cara, panyarta, alat, frékuensi, panyabab, iwal, aspek, jeung modalitas.
- c. Kalimah rakitan lantip nu diwangun ku Kalimah Ngantét Satata (KNS) aya 13 kalimah atawa 4,19%, adegan (struktur) polana: (1) Kla-1 + Konj. + (jeung/sarta/jst) + Kla-2 + In Fi aya dua kalimah atawa 15,38%, (2) Kla-1

- + Konj. + (tapi/ padahal,jst) + Kla-2 + In Fi aya opat kalimah atawa 30,77%, (3) Kla-1 + Konj. (tuluy, terus, jst) + Kla-2 + In Fi aya tilu Kalimah atawa 23,08%, (4) Konj. (beuki, tambah, mingkin) + Kla-1 + Konj: (beuki, tambah, mingkin) + Kla-2 + In Fi aya sakalimah atawa 7,69%, (5) Kla-1 + konj (malah) + Kla-2 + In Fi aya tilu kalimah atawa 23,08%. Atawa 6,90%
- d. Kalimah rakitan lantip anu diwangun ku kallimah ngantét sélér sumélérl (RLWKNSS) aya 86 kalimah 27,74%, sarta polana: (1) Kla Lu + Kla Se Wak (waktu/memeh, basa) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya genep kalimah atawa 6,90%; (2) Kla Lu + Kla Se Sar: (lamun/asal) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya dua Kalimah atawa 2,30%; (3) Kla Lu + Kla Se Tuj: (ambéh/ngarah) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya tilu Kalimah atawa 3,45%; (4) Kla Lu + Kla Se Ak: (nepi ka) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya genep Kalimah atawa 6,90%; (5) Kla Lu + Kla Se Ca: (bari,kalawan) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya salapan Kalimah 10,34%; (6) Kla Lu + Kla Se Perte: (yén, majar) S P (O) (kom) (K) + In Fi, aya 40 kalimah; 45,98% (7) Kla Lu + Kla Se Pange: (nu) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya 13 kalimah 14,94%; jeung (8) Kla Lu + Kla Se Baban: (kawas, siga) S P (O) (Kom) (K) + In Fi, aya tujuh 80,5%.
2. Semantis kalimah rakitan lantip
- 1). warna harti rakitan lantip
- Tina sajumlahing data nu jumlahna 310 kalimah téh kabagi jadi: (1) nu ngandung harti aféktif aya 133 kalimah atawa 42,90%, (2) harti idiomatik aya 35 kalimah 11,29%, (3) harti konotatif aya 82 kalimah 26,45%, (4) harti réfléktif aya 53 kalimah atawa 17,09%, jeung (5) harti stilistik aya 7 kalimah atawa 2,25%.
- Satuluyna dina data rakitan lantip jumlahna aya kurang leuwih 32 kalimah aspék stilistik rakitan lantip téh kabagi jadi sababarha gaya basa, di antarana gaya basa: a) huruan (*totem pro parto*) aya hiji, atawa 3,12% b) ngomong dua (*ironi*) aya dua atawa 6,25%, c) rakitan lantip kadalon (*pléonasme*) aya tilu atawa 9,37%, d) rakitan lantip kahanan (*épitét*) aya tilu atawa 9,37%, e) rakitan lantip lalandian (*métapora*) aya tilu 9,37%, f)

rakitan lantip mijalma (*personifikasi*) aya hiji atawa 3,12%, g) rakitan lantip ngasor (*litotes*) aya opat 12,5%, h) rakitan lantip ngumpamakeun (*simile*) aya dua atawa 6,25%, i) rakitan lantip ocon (*métonimia*) aya dua 6,25%, j) rakitan lantip raguman (*sinékdok*) aya dua 6,25%, k) rakitan lantip rarahulan (*hiperbola*) aya tilu 9,37%, l) rakitan lantip rautan (*eufimisme*) aya dua 6,25%, jeung m) rakitan lantip sinisme aya tilu 9,37%.

2) Jenis rakitan lantip

Tina 310 data téh anu kaasup rakitan lantip (1) idiomatik aya 87 kalimah 28,06%, sedengkeun (2) anu semi idiomatik aya 102 kalimah 32,03%, jeung ari nu (3) semantik mah aya 121 kalimah 39,03%.

3. Bahan pangajaran rakitan lantip di SMA

Salah sahiji bahan pangajaran anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta bahan pangajaran *pakeman basa* anu ditepikeun di SMA/SMK/MA materina leuwih nyoko kana ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan kabasaan anu dimekarkeun ku kaparigelan basa tulis jeung lisian. Lian ti éta, KD anu ditepikeun di SMA/SMK/MA ogé sacara éksplisist ditulis pikeun salah sahiji aspek kaparigelan ngaregepkeun, maca, nulis, atawa nyarita.

Bahan pangajaran anu dipidangkeun nyaéta bahan pangajaran *rakitan lantip*. *Rakitan lantip* téh kaasup pakeman basa anu ambahanana aya dina widang katatabasaan ditepikeun di SMA kelas XI, tétela ieu *pakeman basa* téh perlu diajarkeun lantaran luyu jeung pameredih kurikulum 2013 revisi 2017. Runtusan matéri poko anu diajarkeun di SMA kelas XI ngawengku kamampuh kabasaan jeung kasastraan

Pikeun bahan pangajaran, conto data-data rakitan lantip nu ngawengku wangun, adegan (struktur) kalimah, warna harti, sarta jenis rakitan lantip bisa dijadikeun bahan pikeun pangajaran Pakeman basa anu ditepikeun di kelas XI. Salah sahiji lengkah pikeun maham éta rakitan lantip diantaranya ngaliwatan proses analisis ti mimiti : (1) wangun kalimah, nu ngawengku: KSB, KSJ, KNS, atawa KNSS, (2) adegan (struktur) kalimah, nu ngawengku pola KSB, KSJ, KNS, jeung pola KNSS (3) analisis unsurna: (a) tema kalimah, (b) rasa (nuduhkeun ebréhan), (c) nada (nuduhkeun sikep), (d)

amanat (eusi kalimah), (e) harti langsung, nyaéta harti dumasar leksikal, (f) harti injeuman, nyaéta maksud eusi kalimah, (i) warna harti bisa diklasifikasikeun kana nu ngandung harti aféktif, harti idiomatick harti konotatif, harti réfléktif jeung harti stolistik. (j) Jenis Rakitan Lantip, diklasifikasikeun kana: (a) rakitan lantip idiomatik, (b) semi idiomatik, jeung (3) semantik.

5.2 Saran

Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban dina proses maham pakeman basa, hususna rakitan lantip. Ieu panalungtikan téh kaitung héngkér kénéh, ku lantaran kitu, diperlukeun panalungtikan séjenna anu leuwih gemet sangkan pedaranana leuwih euyeub.

Patalina jeung dina pangajaran, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran, kualitas bahan ajar tur kualitas kagiatan diajar ngajar. Utamana dina proses maham rakitan lantip. Mugia waé ieu panalungtikan aya mangpaatna keur kamajuan pangajaran basa Sunda.